

Tibebe w la Reyisi Redepistaj Oditif oswa Evalyasyon Dyagnostik la



Tanpri vini ak papye sa a nan pwochen vizit tibebe w la kay pwofesyonèl swen sante yo a oswa nan yon klinik sante.

Non Tibebe w la _____

Dat Tibebe w la Fèt _____

Dat Redepistaj Oditif oswa
Evalyasyon Dyagnostik pou Nouvone a _____

Non Odyolojis la _____

Nimewo Telefòn Odyolojis la _____

Tès li te Itilize: Emisyon Oto-akoustik (Otoacoustic Emissions, OAE)
 Reyaksyon Oditif Twon Serebral la (Auditory Brainstem Response, ABR)

Depistaj Zòrèy Dwat

- Reyisi
- Pa Reyisi
- Yo Pa Teste l

Depistaj Zòrèy Goch

- Reyisi
- Pa Reyisi
- Yo Pa Teste l

Èske yon nouvone kapab reyisi tès oditif la epi gen pèt oditif malgres?

Wi, kapasite pou tande ka chanje nan nenpòt ki moman. Pale ak pwofesyonèl swen sante tibebe w la oswa kontakte yon klinik sante si youn nan deklarasyon sa yo aplikab pou pitit ou a – kounye a oswa alavni:

- Youn nan paran biyolojik tibebe m nan, oswa youn nan fanmi pwòch li te soud oubyen te gen difikilte pou tande lè l te timoun.
- Tibebe m nan te nan “NICU” oswa “PICU” lopital la – ke yo konnen tou sou non inite swen entansif pou nouvone (neonatal intensive care unit) oswa inite swen entansif pedyatrik (pediatric intensive care unit).
- Tibebe mwen an te gen yon transfizyon echanj – yon tip transfizyon san espesyal.
- Tibebe m nan genyen oswa te genyen plizyè enfeksyon nan zòrèy.
- Tibebe m nan genyen oswa te genyen yon blesi nan tèt.
- Mwen pa kwè tibebe m nan tande byen.
- Mwen pa kwè tibebe m nan pale byen.
- Konpòtman tibebe m nan diferan pa rapò ak Lis Verifikasyon pou Odisyon ki nan do papye sa a.

LIS VERIFIKASYON POU ODISYON

Men kèk bagay yon tibebe kapab fè jeneralman si li pa soud oswa si l pa gen pwoblèm tande:

Depi nan Nesans jiska 3 Mwa

- Li sote lè gen son
- Li kalme lè l tande vwa paran oswa moun k ap bay swen an
- Li vire tèt li nan direksyon vwa w

3 Mwa jiska 6 Mwa

- Li vire je l yo ak tèt li pou jwenn vwa w
- Li fè plizyè kalite son ak bouch li
- Li amize l ak jwèt ki fè son

6 Mwa jiska 9 Mwa

- Li reyaji lè l tande non l
- Li konprann mo ki fasil tankou “non” ak “babay”
- Li di “pa-pa” oswa “ma-ma”

9 Mwa jiska 12 Mwa

- Li repete mo ak son ki senp
- Li itilize 2 jiska 3 mo ki diferan ak “pa-pa” oswa “ma-ma”
- Li bay jwèt lè yo mande l yo
- Li pwente ak dwèt li pou ede nan kominikasyon

12 Mwa jiska 18 Mwa

- Li itilize 7 oswa plis vrè mo – ki diferan ak son tibebe emèt
- Li suiv direksyon senp yo ba li
- Li mande divès kalte bagay nan non yo



Pou plis enfòmasyon: health.ny.gov/EHDI



Department
of Health